

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan nu judulna Ajén Éstética dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA kelas XII, dilaksanakeun kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analisis. Ngahasilkeun kacindekan nu luyu jeung udagan panalungtikan, nyaéta maluruh Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung ngaliwatan ulikan struktural anu ngawengku wanda jeung eusi, jeung ulikan éstética anu ngawengku basa jeung eusi. Dina basa ngawengku gaya basa jeung purwakanti, sedengkeun dina eusi ngawengku téma, nada, rasa, jeung amanat.

Dumasar hasil panalungtikan, dicindekkeun ieu di handap.

Hasil panalungtikan struktur dina Rumpaka Sawér Pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung kapaluruh wangun jeung wanda. Wangun ngawengku (a) jumlah padalisan dina unggal pada, (b) jumlah engang dina unggal padalisan, jeung (c) pola purwakanti pungkas anu béda-béda dina unggal rumpaka. Ti sakabéh rumpaka sawér pangantén, kapaluruh aya 10 rumpaka. Ngawengku wangun puisi semi kauger opat saruntuy, wangun puisi semi kauger, wangun kawih, wangun pupuh, wangun papantunan, wangun pupuh kinanti jeung papantunan, wangun papantunan jeung puisi semi kauger, sarta wangun kawih papantunan. Wanda nu kapaluruh ti sakabéh rumpaka nyaéta wanda sawér pangantén.

Hasil panalungtikan ajén éstética, kapaluruh dumasar kana basa jeung eusi. Dina analisis basa ngawengku gaya basa jeung purwakanti, sedengkeun dina hal eusi ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Gaya basa nu kapaluruh diantarana nyaéta gaya basa lalandian jeung mijalma, bisa dibuktikeun ku ayana kecap-kecap nu nyoko kana éta hal. Sedengkeun dina purwakanti, nu kapaluruh diantarana nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, purwakanti cakraswara, purwakanti mindoan kawit,

purwakanti laras wekas, purwakanti larasmadya, jeung purwakanti margaluyu. Sedengkeun dina analisis eusi, kapaluruh nyaéta téma ngeunaan kahirupan. Nada nu nyampak nyaéta piwuruk jeung sumerah, rasa nu nyampak nyaéta sedih jeung sukur, sarta amanat nu nyangkaruk dina rumpaka sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung di antarana nyaéta leuwih kana papatah jeung pangjeujeuh ti nu jadi kolot ka budakna, sangkan kahirupan kahareupna salawasna aya dina jalan kabeneran jeung kabagjaan.

Kontéks penuturan jeung fungsi sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung nyaéta leuwih nyoko kana kumaha cara ngalaksanakeunna. Sawér pangantén dilaksanakeun sacara hidmat, sakral, sanggeus akad. Dilaksanakeun di panyawéran kalayan dibarengan ku juru sawér, pangantén, sepuh pangantén, nu mayungan pangantén, jeung sakabéh nu ngilu nyaksian. Prak-prakan nyawér dipingpin ku juru sawér ku cara ngahaleuangkeun rumpaka sawér ti mimiti bubuka nepi ka panutup, nu satuluyna ngawurkeun kalengkepan sawér saperti bées, konéng, permén, duit récéh, jsb. Sakabéh kalengkepan jeung prak-prakan sawér miboga fungsi nu ngawengku harti jeung makna nu tangtu.

Sabada ditalungtik jeung dipedar ngeunaan struktur jeung ajén éstétika dina rumpaka sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung, satuluyna bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII dumasar kana sababaraha kritéria dina milih jeung nangtukeun bahan ajar.

## 5.2 Implikasi

Ditilik tina hasil panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maluruh struktur jeung ajén éstétika dina rumpaka sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung, miboga implikasi kana widang paélmuan jeung atikan, hususna dina widang sastra jeung budaya. Lian ti éta, dina rumpaka sawér pangantén di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung euyeub ku ajén éstétika, nu bisa dilarapkeun dina pangajaran di SMA kelas XII, sarta bisa dijadikeun tarékah pikeun masarakat ngajaga, katut ngamumulé budaya Sunda hususna sawér pangantén.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana naon nu geus dipedar dina hasil panalungtikan, masih kénéh aya kahéngkérán ngeunaan sawér pangantén ngeunana analisis struktur jeung ajén éstétika nu can kaguar ku panaluntik. Kukituna, panalungtik miharep sangkan kahareupna aya panalungtikan nu ngaguar leuwih jero tibatan panalungtikan ieu. Sarta aya tarékah masarakat hususna di Kecamatan Soréang Kabupatén Bandung pikeun ngariksa kana budaya nu aya di éta tempat.